

## **BAB III**


### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Desain Panalungtikan**

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif, lantaran nalika panalungtikan lumasung, panalungtik niténan kayaan tuluy ngadeskripsiun dina wangu informasi (Arikunto, 2006, kc. 135). Sedengkeun nurutkeun Moleong (2015, kc. 6) panalungtikan kualitatif miboga tujuan pikeun paham kana fénoména ngeunaan naon-naon nu kaalaman ku subjék panalungtikan saperti paropilah, persépsi, motivasi, tindakan jeung sajabana, sacara holistik sarta ku cara déskriptif dina wangu kekecapan jeung basa, dina hiji kontéks anu husus nu alamiah ku cara ngamangpaatkeun métode ilmiah.

Dina panalungtikan ogé tangtuna mikabutuh désain panalungtikan sangkan panalungtikan leuwih museur. Nasution (dina Prastowo, 2011, kc. 41) nétilakeun yén désain panalungtikan mangrupa hiji gambaran umum anu sifatna sementara jeung bisa ngalaman parobahan.

Satulunya, désain dina panaluntikan digambarkeun ku bagan 3.1 saperti ieu di handap.



**Bagan 3.1**  
*Desain Panalungtikan*

### 3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data ieu panalungtikan nyaéta novel, lantaran novel mah bisa midangkeun rupa-rupa palaku, kajadian, laluasa ngagambarkeun latar, jeung teleb ngahirupkeun karakteristik tokoh (Isnendes, 2010, kc. 39). Lian ti éta novel ogé eusina nyaritakeun ngeunaan kahirupan sapopoé. Novel nu dijadikeun sumber data nyaéta novel *Nu Kaul Lagu Kaleon* karya RAF. Ieu novel téh wedalan Kiblat,

nu kandel bukuna 100 kaca, jeung mangrupa Hadiah Rancagé taun 1991. Ukuran buku 21 x 14,5 cm.

Novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* karya RAF, nyaritakeun ngeunaan pakait asihna hiji mojang nu resep nembang jeung nu ngajarna. Ieu novel dimimitian ku nyaritakeun hiji pamuda nu ngarana Pendi. Hijи waktu Pendi téh milu riungan ngeunaan Tembang Sunda Mamaos Cianjur di tempatna Pa Sadikin. Réa pisan nu hadir didinya téh. Éta panglawungan téh nepi ka isuk jeput. Di tengah-tengah acara aya salah saurang wanoja ngarana Nani. Nani téh dulurna Pa Sadikin. Harita Nani dititah nembang ku Pa Sadikin, atuh jalma nu keur khusu téh jadi ribut ngobrol jeung tamu séjénna. Kaayaan barobah nalika Nani nembangkeun éta tembang Cianjur. Tamau nu aya di éta tempat téh jempling, khusu deui ngadéngékeun sora Nani nu keur nembang. Pendi ngarasa reuwas, lantaran wawuh ka sora éta wanoja téh.

Sabérésna kagiatan, Pendi boga niat datang deui kadieu isuk-isuk lantaran hayang apal saha nu keur peuting nembang téh. Isukna Pendi datang deui, tapi nu boga imah keur kabeneran euweuh. Boga paniatan kitu lantaran Pendi téh inget ka saurang wanoja nu baheula pernah diajarkeun nembang sababaraha taun ka tukang, nyaéta Nani. Manéhna kungsi méré rumpaka tembang Cianjur ka Nani. Dina éta rumpaka téh Pendi ngébréhkeun naon nu dirasa ka Nani.

Singget carita Pendi jeung Nani téh kungsi pakait ati, kungsi boga rasa kanyaah. Tapi éta hal téh teu bisa dihijkeun, lantaran Nani rék dijodokeun ku kolotna ka lalaki séjén. Sanggeus dijodokeun, Nani tuluy ditikahkeun jeung calonna. Selang sababaraha waktu Pa Sadikin jeung ibuna datang ka Pendi ngabéjaan yén Nani téh dirawat di rumah sakit, tuluy nyaritakeun kaayaan rumah tanggana Nani jeung sakalina nu geus pipisahan.

### **3.3 Instrumén Panalungtikan**

Data anu baris dianalisis dina ieu panalungtikan nyaéta anu ngandung unsur déiksis lokatif anu kapanggih dina novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* karya RAF. Data déiksis lokatif dikumpulkeun maké téhnik téks atawa téhnik dokuméntasi. Dipakéna ieu téhnik téks téh lantaran sumber datana mangrupa ragam tinulis. Nurutkeun (Sudaryat, 2013, kc. 57) anu dimaksud téhnik téks téh nyaéta data basa

nu dikumpulkeun tina sumber tinulis saperti koran, majalah, jeung buku. Data déiksis nu geus dikumpulkeun, tuluy dianalisis maké téhnik analisis unsur langsung (*immediate constituent analysis*). Dina kartu data téh, dipidangkeun sumber data nu mangrupa singgetan novel, kaca, paragrap, jeung urutan kalimah. Ari léngkah-léngkahna saperi kieu:

- Nyalin data paragrap kana tabel data
- Nyieun runtusan data sacara alfabetis ti A-Z.

**Tabel 3.1**  
*Data Déiksis Lokatif*

Kode Data	Kalimah	Déiksis Lokatif
	(NKLK/35/P3)	

Keterangan:

**NKLK:** Novel *Nu Kaul Lagu Kaléon*

**35** : Kaca

**P3** : Kalimah anu aya dina paragrap ka 3

**Tabel 3.2**  
*Data Wujud Déiksis Lokatif*

Kode Data	Kalimah	Déiksis	Wujud	
			Frassa	Kecap
	(NKLK/35/P3)			

Keterangan:

**NKLK:** Novel *Nu Kaul Lagu Kaléon*

**35** : Kaca

**P3** : Kalimah anu aya dina paragrap ka 3

**Tabel 3.3**  
*Data Wanda Déiksis Lokatif*

Kode Data	Kalimah
	(NKLK/35/P3)

Keterangan:

**NKLK:** Novel *Nu Kaul Lagu Kaléon*

**35** : Kaca

**P3** : Kalimah anu aya dina paragrap ka 3

**Tabel 3.4**  
*Data Posisi Déiksis Lokatif*

<b>Kode Data</b>	<b>Kalimah</b>
	(NKLK/35/P3)

Keterangan:

**NKLK:** Novel *Nu Kaul Lagu Kaléon*

**35** : Kaca

**P3** : Kalimah anu aya dina paragrap ka 3

**Tabel 3.5**  
*Data Hubungan Déiksis Lokatif jeung Antésédén*

<b>Kode Data</b>	<b>Kalimah</b>	<b>Intraparagrap</b>		<b>Ekstraparagrap</b>
		Intrakalimah	Ekstrakalimah	
	(NKLK/35/P3)			

Keterangan:

**NKLK:** Novel *Nu Kaul Lagu Kaléon*

**35** : Kaca

**P3** : Kalimah anu aya dina paragrap ka 3

### 3.4 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téknik analisis téks atawa dokuméntasi. Téknik ieu digunakeun nganalisis langsung kana novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* sabab boga tujuan pikeun nyungsi data ngeunaan déiksis lokatif. Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data nyaéta:

- nangtukeun sumber data;
- maca sacara inténsif novel *Nu Kaul Lagu Kaléon* karya RAF;
- nyirian kalimah-kalimah anu ngandung déiksis lokatif;
- nyirian sipat antésédén nu diacu ku déiksis lokatif;
- nyalin sakabéh data kana kartu data digital.

### 3.5 Téknik Ngolah Data

Sanggeus data kapaluruh, tuluy diolah atawa dianalisis. Analisis data dina métode panalungtikan kualitatif dilakukeun sacara ngaruntuy timimiti nepi ka ahir panalungtikan. Ieu téknik bisa katitén saperti ieu di handap:

- a. Mariksa data déiksis lokatif anu geus dipaluruh;
- b. Mariksa wanda deiksis lokatif;
- c. Mariksa sipat antésédén nu diacu ku déiksis lokatif;
- d. Ngadéskripsikeun hubungan antara déiksis lokatif jeung antésédén;
- e. Nyieun kacindekkan tina data-data anu geus kapaluruh.